



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO ETABLISMAN TRÈTMAN
REZIDANSYÈL 14 MILYON DOLA A NAN NEW YORK SANTRAL**

***Eleman nan Etablisman Trètman kont Adiksyon CNY Ap Ofri 75 Kabann
Rezidansyèl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti Eleman nan CNY (Elements of CNY), yon etablisman trètman kont adiksyon rezidansyèl 75 kabann nan Liverpool, Konte Onondaga. Se Helio Health ki dirije Eleman nan CNY e l ap ofri plizyè nivo swen rezidansyèl pou moun k ap resevwa trètman pou adiksyon, ki enkli reyabilitasyon ak reyentegrasyon apre stabilizasyon (dezentoksikasyon). Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò kont Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) te kontribye a 14 milyon dola pou renovasyon imèb la epi l ap bay plis pase 1.1 milyon dola finansman pou operasyon anyèl nouvo etablisman an.

"Epidemi adiksyon an se yon flewo tèrib nan kominote nou yo, men gras ak travay di Eta a ak òganizasyon tankou Eleman nan CNY, 2018 te obsève premye diminisyon lanmò pa ovèdoz nan New York depi yon deseni", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou p ap abandone lit kont adiksyon an e ak ouvèti nouvo sant sa, n ap kontinye ouvri wout la lè n devlope sèvis nan tout eta a pou eseye atenn sila yo ki gen bezwen trètman ak sipò."

"Epidemi opyoyid la afekte moun nan chak kominote atravè eta a ak plis pase yon milyon Moun New York k ap goumen kont adiksyon", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Ko-prezidan Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid Eta New York la (NYS Heroin and Opioid Task Force), te deklare.** "Byenke lanmò pa ovèdoz opyoyid te diminye pou premye fwa nan dis an nan andeyò Vil New York, nou toujou gen travay pou fè pou mete fen nan trajedi sa yo. Nouvo etablisman trètman rezidansyèl sa nan New York Santral ap bay swen ki vital ak gam sèvis konplè pou moun ak fanmi k ap goumen ak adiksyon nan zòn nan. Envestisman sa fè pati efò kontini nou pou konbat epidemi an, sipòte pwosesis rekiperasyon an epi ede sove lavi."

Eleman nan CNY ap ofri 55 kabann pou estabilizasyon ak reyabilitasyon, ak 20 apatman pou reyintegrasyon. Etablisman sa fè pati efò kontini pou bay yon seri swen kontini kont adiksyon lè n ofri sèvis estabilizasyon, reyabilitasyon, ak reyentegrasyon nan yon sèl kote. Sa pèmèt moun antre nan trètman nan nivo ki apwopriye pou bezwen yo epi resevwa sèvis endividyèl k ap sipòte pi byen rekiperasyon yo. Sèvis trètman rezidansyèl yo genyen ladan yo, oryantasyon, konstriksyon konpetans ak fòmasyon ak aktivite lwazi. Etablisman sa sitiye nan 4567 Crossroads Park Drive, Liverpool, NY 13088.

Komisè OASAS la, Arlene González-Sánchez, te deklare, "Li enpòtan anpil pou moun resevwa bon jan kalite swen pou yo rekipere kont adiksyon, e etablisman sa ap ede moun jwenn aksè a nivo swen egzak ki bon pou yo a. Se yon bagay enpòtan ki ajoute nan peyizaj tretman isit la nan New York Santral, e nou pa ka tann pou benefis ke sa ap pote nan zòn nan".

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Epidemi itilizasyon abizif dwòg la te afekte twòp anpil Moun New York, e li enpòtan anpil pou moun k ap chèche èd yo jwenn swen ki pi adapte pou bezwen yo. Pwogram tretman konplè ak swen rezidansyèl yo ofri nan nouvo Eleman nan CNY yo epi ke Helio Health dirije, ap fè yon chemen ki long pou sipòte moun yo pandan y ap pran wout rekiperyasyon e finalman, sove lavi. Mwen vle remèsye gouvènè a ak OASAS paske yo envesti nan etablisman sa ak angajman yo pou konbat itilizasyon abizif dwòg nan New York Santral e atravè eta a".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, Ryan McMahon te deklare, "Nan tan mwen kòm Kad Egzekitif Konte a, mwen te travay pou asire ke bon resous yo anplas pou ede moun yo nan rekiperyasyon yo kont adiksyon. Antanke premye etablisman nan kalite sa nan Konte Onondaga, Eleman nan CNY ap fè yon diferans reyèl nan lavi moun nan tout New York Santral. Nou rekonesan a Gouvènè Cuomo ak OASAS paske yo rekonèt bezwen an pou etablisman sa, epi paske yo travay pou rann li vin yon reyalyte".

Depi lè li antre an fonksyon, Gouvènè Cuomo te mete sou pye yon apwòch plizyè branch agresif pou rezoud flewo opyoyid la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak prevansyon total, tretman ansanm ak sèvis rekiperyasyon. Pou konbat epidemi sa a, Gouvènè a te travay pou elaji aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasan a domisil, ak pwogram tretman rezidansyèl, menm jan ak sèvis tretman ki asiste ak medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

An 2016, Gwoup Travay pou Ewoyin (Heroin Task Force) ke Gouvènè Cuomo te mete sou pye a, te rekòmande nouvel sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan sant rekiperyasyon, klèb lojman pou jèn, sèvis konpayon ki elaji, ak sant aksè ki ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7, k ap bay evalyasyon ak referans imedyata pou swen. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote alantou eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo aksede a swen ki pi pre kote y ap viv la.

Gouvènè a te pwopoze refòm lejislatif ak reglemantè pou pèmèt moun jwenn tretman pi rapid lè yo elimine divès restriksyon sou asirans, ansanm ak pwojè lwa pou redwi dire pifò preskripsyon pou opyoyid soti 30 jou pou vin sèt (7) jou, ak pwojè lwa pou ogmante opòtinite fòmasyon ak edikasyon pou moun ki gen otorizasyon pou preskri medikaman yo. Gouvènè Cuomo te pran mezi tou pou konbat sèvis koutye ilegal pasyan yo ak sèvis tretman pou adiksyon ki twonpè yo.

Gouvènè a te travay tou pou ogmante fòmasyon ak disponibilite naloksòn, k ap lakòz plis pase 420,000 moun nan Eta New York resevwa fòmasyon epi k ap ekipe ak medikaman ranvèsman dozaj eksestif opyoyid. Gras a mezi Gouvènè Cuomo te pran yo, kounye a famasi toupatou nan Eta New York yo kapab ofri naloksòn san yon preskripsyon.

Nouyòkè ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, "HOPE line" 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Panèl Disponibilite Trètman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè sitwèb NYS OASAS la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)